



Pou Piblikasyon Imedya: 01/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON NOUVO  
KONPLÈKS LOJMAN K AP KOUTE 93 MILYON DOLA K AP POTE 237 APATMAN  
ABÒDAB NAN EAST BUFFALO.**

***Pilgrim Village Family ak Pilgrim Village Senior pral ranplase lojman delambre ki egziste deja***

***Devlopman pral 100 pousan elektrik epi l ap fèt pou atenn estanda enèji nèt zewo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke konstriksyon te kòmanse sou devlopman lojman abòdab kòt a kòt ak 237 apatman pou fanmi ak granmoun aje yo nan zòn Fruit Belt nan East Buffalo. Pilgrim Village Family ki koute 58 milyon dola ak Pilgrim Village Senior ki koute 35 milyon dola pral bilding ki trè efikas nan domèn enèji ki fèt pou atenn estanda enèji nèt zewo yo. Yo pral mete karantnèf apatman akote pou granmoun aje vilnerab yo ki bezwen sèvis sipò sou plas pou viv poukont yo.

"Tout Nouyòkè yo merite viv nan kay ki adapte ak bezwen yo epi ki ba yo opòtinite pou yo pwospere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "De nouvo bilding ki konplètman elektrik sa yo pral elaji aksè ak kay ki an sante pou fanmi ak granmoun aje yo nan East Buffalo pandan y ap ede nou atenn objektif klimatik agresif nou yo, epi adrese defi lojman, ensekirite alimantè ak defi ekonomik yo ki se rezilta anpil ane dezenvestisman ak neglijanans nan East Buffalo."

Konplèks Pilgrim Village Family and Senior se yon pati nan plan Gouvènè Hochul la nan tout eta a pou rann lojman pi abòdab, ekita ak estab. Gouvènè a te garanti ak siksè, nan Bidjè Ane Fiskal 2023 Eta ki fèk adopte a, yon nouvo plan lojman konplè ki koute 25 milya dola, sou senk ane, ki pral ogmante rezèv lojman nan kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York ki gen ladan 10,000 ak sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Anons jodi a bati sou yon [envestisman 50 milyon dola ki te anonse nan mitan mwa jen an](#) pou ranfòse East Buffalo, amelyore kalite lavi, epi kreye estrateji alontèm pou adrese defi sistemik apre plizyè deseni dezenvestisman ak fiziyad sipremasis blan an nan Tops Supermarket nan mwa me a.

Nouvo konplèks Pilgrim Village la ranplase Pilgrim Village ki egziste deja, ki te konstwi an 1979 e ki te tonbe nan delabreman. Yo ap demoli bilding apatman orijinal ki gen fòm jaden an pou fè plas pou de nouvo bilding milti-famlyal yo.

Pilgrim Village Senior pral gen 105 apatman pou moun ki gen laj 55 an oswa plis. Yo pral rezève karantnèf apatman pou granmoun aje ki bezwen sèvis sipò pou viv poukont yo. Sèvis sou plas ki pwomouvwa sante emosyonèl, mantal, ak fizik pral finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State la epi se Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYSDOH) ki pral administre yo epi se Catholic Charities of Buffalo ki ofri yo.

Pilgrim Village Family, ki sitiye tou pre Pilgrim Village Senior, pral gen 132 apatman ak yon espas etablisman kominotè atè ak apeprè 5,000 pye kare espas komèsyal.

Yo pral mete akote tout 237 apatman ki nan de devlopman yo pou fanmi ki gen revni ki nan 60 pousan oswa mwens nan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) lan. Anplis de sa, 89 nan apatman yo pral benefisyè de bon asistans pou lokasyon Seksyon 8 ki baze sou Pwojè HUD ki egziste deja.

Ekipman yo pral gen ladan espas kominotè ki gen anpil espas enteryè, espas vèt, chemen pou pyeton, jaden, zòn syèj, yon tonèl, plas pakin nan nivo sòl la, yon gwo lakou rekreyasyon, yon laboratwa enfòmatic, yon sal jimnastik, yon bibliyotèk ak machin pou lave/seche ak machin pou lave vesèl nan apatman an.

Nouvo devlopman Pilgrim Village la pral 100 pousan elektrik, ki fèt pou atenn estanda enèji nèt zewo. Pano solè sou twati yo pral ede konpanse chaj enèjetik bilding yo. Toude Bilding yo konstwi pou reponn ak estanda Pwogram Nivo III Nouvo Konstriksyon Altitud Ba (Low-Rise New Construction Tier III Program) Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) yo.

Sit devlopman an toupre Buffalo Niagara Medical Campus (Kanpis Medikal Buffalo Niagara), ki se kay Roswell Park Comprehensive Cancer Center, ak nan youn nan senk Zòn Envestisman Estratejik nan plan estratejik Buffalo pou devlopman iben. Rezidan yo pral nan yon distans a kèk pa ak estasyon tren ki tou pre a ak mwens pase yon blòk distans ak City Honors School ki klase pami meyè yo.

Finansman Eta pou Pilgrim Village Family enkli 5 milyon dola obligasyon pèmanan ki gen egzanpsyon fiskal; Kredi Enpo Federal sou Lojman ki jenere 24.9 milyon dola nan fon pwòp; ak 5 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York. Nouvo Pwogram Konstriksyon-Lojman NYSERDA te bay 528,000 dola a. Anplis de sa, sit la te patisipe nan Pwogram Netwayaj Sit Endistriyèl ki reyisi Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC), ki prevwa jenere 5.7 milyon dola nan kredi fiskal lè pwojè a fini.

Finansman eta a pou Pilgrim Village Senior genyen 4.1 milyon dola nan egzonerasyon taks pèmanan, Kredi Taks sou Lojman Federal Pou Revni ki fèb ki te jenere 15 milyon dola nan fon pwòp ak 9.3 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan HCR. Nouvo Pwogram Konstriksyon-Lojman NYSERDA te bay 420,000 dola a. Anplis de sa, sit la te patisipe nan Pwogram Netwayaj Sit Endistriyèl ki reyisi Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) epi ki prevwa jenere 4.1 milyon dola nan kredi fiskal lè pwojè a fini.

Pwomotè pwojè a se SAA | EVI.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè nan Eta New York, te deklare,** "Ak 237 apatman abòdab, nouvo konplèks Pilgrim Village ki koute 93 milyon dola a se yon faktè ki chanje jwèt la pou East Side nan Buffalo. Non sèlman n ap finanse ranplasman kay ki demode yo ak netwaye fatra endistriyèl yo, men tou n ap kreye yon kominote ki trè efikas an enèji e ki an sante ki pral founi gwo ekipman, tankou espas vèt ki fèt pou fè moun tout laj soti deyò epi jwi antouraj yo. Nan non HCR, nou fyè dèske nou wè plizyè jenerasyon lojman ki bay sipò tankou nouvo Pilgrim Village ansanm ak lòt devlopman ke nou deja acheve oswa ki sou pye isit la. Efò nou yo, lye ak nouvo inisyativ 50 milyon dola Eta a pou adrese dirèkteman kèk nan inegalite ki pi flagran nan East Buffalo yo - ki gen ladan ensekirite alimantè ak diferans nan richès rasyal la - pral ede fè ramne kominote sa a epi kòmanse pwosesis vrè gerizon apre fiziyad orib nan Tops Supermarket la. Mèsi Gouvènè Hochul, vil Buffalo ak patnè devlopman nou yo paske yo te ede nou reyalize chanjman dirab nan katye East Side sa a."

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral nan NYSERDA, te deklare,** "Vizyon Pilgrim Village Apartments reprezante angajman eta a pou asire ke chak Nouyòkè non sèlman gen aksè ak yon lojman ki abòdab, men tou ki dirab ak an sante pou moun ki rete ladan yo, epi ki bon pou anviwònman an. NYSERDA kontan wè konstriksyon kòmanse nan devlopman lojman ki konplètman elektrik sa ki yon fwa lè li fini, pral fikse nivo pou bati nan estandan enèji nèt zewo yo."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la, Basil Seggos, te deklare,** "DEC fyè pou li fè patenarya ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote, NYSERDA, DOH ak lòt patnè pou ede pote lojman abòdab nan Buffalo epi travay nan kad lidèchip Gouvènè Hochul pou revitalize ak netwaye kominote yo atravè eta a. Sa a se yon bèl egzanp de sa Pwogram Netwayaj Sit Endistriyèl Eta nou an reyalize, lè li restore ak redevlopman pwopriyete ki pa itilize ase yo pou benefisye granmoun aje yo, fanmi yo ak tout Nouyòkè yo."

**Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare,** "Bon sante depann de aksè ak anviwònman ki an sante. Devlopman inite lojman sipò nan Pilgrim Village pral bay plis granmoun aje nan Buffalo nouvo espas pou moun viv ki ankouraje sante yo, byennèt yo, ak kalite lavi yo an jeneral. Mwen rekonesan pou patnè nou yo atravè Eta New York ki patisipe nan angajman Depatman Sante a pou konsidere tout

dimansyon amelyorasyon sante piblik nan travay nou an, ki gen ladann aksè ekitab ak bon jan kalite lojman."

Nan Bidjè Eta pou Ane Fiskal 2023 a, Gouvènè Hochul te pwolonje ak elaji Pwogram Netwayaj Sit Endistriyèl (Brownfield Cleanup Program, BCP) pwospè Eta New York la, ki te etabli pou ekspire an desanm 2022. Pwogram lan otorize ankò pou 10 ane. Bidjè a amelyore BCP a nan ankouraje netwayaj nan kominote defavorize yo. Anplis de sa, pwogram lan reyafime angajman Gouvènè Hochul pou devlopman lojman abòdab nan elaji inivè pwogram lojman abòdab yo pou kredi fiskal sou pwopriyete BCP, sa ki bay benefis vital pou ankouraje reyamenajman teren endistriyèl ki p ap itilize yo pou tounen lojman abòdab endispansab. Mete sou sa, BCP kounye a ankouraje devlopman kèk sit enstalasyon enèji renouvlab, avèk nouvo kredi fiskal, pou ede konsantre sou reyamanejman ki oryante vè BCP epi satisfè objektif klimatik anbisye Eta a yo.

**Senatè Charles E. Schumer te deklare,** "Aksè ak yon lojman abòdab ki an sekirite se yon dwa debaz ki limite pou East Buffalo pandan twò lontan, epi plis pase 230 nouvo inite ki nesèsè yo pral ede jenere nouvo opòtinite ekonomik, ankouraje investisman, ak amelyore kalite lavi pou fanmi yo atravè Buffalo. Mwen fyè de Kredi Enpo federal pou Lojman pou Revni ki Fèb la, ke mwen te goumen anpil pou m elaji, te bay plizyè milyon ki nesèsè pou transfòme bilding demode sa yo an nouvo kay ki efikas an enèji. Mwen pral kontinye goumen pou jwenn chak dola sipò federal ki nesèsè pou ede poze fondasyon pou yon avni ki pi briyan ak ekitab pou East Buffalo ak tout Rejyon Lwès New York la."

**Reprezantan Brian Higgins te deklare,** "Sa a se yon kwasans sibstansyèl nan disponiblite lojman abòdab pou granmoun aje yo ak fanmi yo nan vil Buffalo. Pilgrim Village bay bon jan kalite espas pou moun viv ki modèn, ak pratik pou anviwònman an nan yon katye ki tou pre lekòl, pak, ak biznis ki pral sèvi kòm yon bèl kote pou Nouyòkè yo nan Rejyon Lwès la rele lakay yo. Kredi taks federal pou moun ki gen revni fèb fè investisman ki plis pase 92 milyon dola sa a posib."

**Senatè Eta Tim Kennedy te deklare,** "Pwojè enpresyonan sa a pral pote objektif renouvle nan Pilgrim Village, epi li pral ofri opòtinite lojman abòdab, dirab nan katye Fruit Belt Buffalo a, jis a kèk pas ak Buffalo Niagara Medical Campus k ap boujonnen an. Pandan kriz lojman abòdab la ap kontinye nan WNY ak atravè nasyon nou an, New York rete angaje l pou l investi nan pwojè ki ranfòse kominote nou an, epi an retou, dinamize ekonomi lokal ak mendèv nou an."

**Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare,** "Inogirasyon yon devlopman 93 milyon dola pou zòn Fruitbelt nan Eastside Buffalo, pou bay rezidan vil yo kay ki abòdab ak efikas an enèji, sèvi kòm yon egzanp briyan nan angajman Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la pou revitalize kominote nou an. Mwen bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul, Pilgrim Village Family, ak tout lòt moun ki gen enterè yo nan kominote a ke lidèchip yo te kontribye pou fè pwojè sa a vin yon reyalite."

**Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz, te deklare,** "Lojman abòdab se yon bezwen enpòtan atravè Konte Erie epi li afekte kominote iben, banlye ak riral yo, jan

mwen te note nan dènye Live Well Erie Housing Summit (Somè sou Lojman pou Viv Byen nan Erie) nou an. Devlopman tankou nouvo konplèks Pilgrim Village la adrese bezwen sa a epi bay kay ki an sekirite, abòdab, efikas an enèji bay fanmi ak granmoun aje yo. 237 apatman sa yo ajoute vitalite nan katye Fruit Belt la epi yo se yon bon egzanp sou fason nou ka satisfè bezwen lojman yo epi konstwi kominote ki pi solid yo."

**Majistra Byron W. Brown te deklare,** "Pwojè rezidansyèl 237 inite sa a se yon lòt etap pou lavni nan ogmante disponiblite lojman abòdab pou fanmi ak granmoun aje yo nan Vil Buffalo. Nouvo Pilgrim Village la pral yon opsyon lojman ki atiran, abòdab, ak modèn ak aksè pratik nan transpò piblik ak enstalasyon tankou Masten Park. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, lejislatè eta nou yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York, ak pwomotè SAA | EVI paske yo fè investisman sa a nan yon devlopman ki reflekte bezwen aktyèl ak bezwen fiti rezidan nou yo."

**David Alexander, Direktè Asosye, SAA | EVI, te deklare,** "Mwen te grandi nan Buffalo mwens pase twa km ak Pilgrim Village. Mwen te pase ansanm mwen nan lekòl piblik nan East Side nan Buffalo. Premye biwo pou konpayi nou an te lokalize nan Main ak Summer Street jis ak kèk blòk ak sit konstriksyon Pilgrim Village la. Nou, antanke konpayi ak endividi, nou ekstrèmman fyè dèske nou fè pati renesans k ap fèt nan Buffalo e nou fyè toujou paske nou fè pati bèl kominote ak katye yo ki fòme East Side nan Buffalo. Nou se "One Buffalo!"

**Connor Kenney, Direktè Rejyonal, SAA | EVI, te deklare,** "Nou kontan dèske nou te gen opòtinite pou revitalize sit Pilgrim Village la ak nouvo lojman abòdab ki gen bon jan kalite. Pwopriyete orijinal Pilgrim Village la te konstwi an 1979. Malgre ke pwopriyete a te pasyèlman demoli anvan nou te vin pwopriyete, anpil moun toujou rete sou sit la. Se te yon plezi pou m te fè konesans ak rezidan yo ak fanmi yo ki te rete nan pwopriyete a - kèk ladan yo te rele lakay yo depi 1979 - epi nou vrèman pa ka tann pou nou re-akeyi tout moun lè nou fini konstriksyon an."

**Dyak Steve Schumer, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Catholic Charities, te deklare,** "Catholic Charities kontan anpil pou nou patisipe nan apatman abòdab sa yo ki pral siyifi anpil bagay pou anpil moun nan katye enpòtan East Buffalo sa a. Jodi a se yon gwo jou pou selebre rezilta plizyè mwa planifikasyon ak inogirasyon an. Nou enpasyan pou pote sèvis nou yo pou sipòte nouvo kominote rezidan yo lè pwojè a fini."

###